



=====

ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GASAL
Tahun Ajaran 2023/2024

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : X (SEPULUH)
Hari / Tanggal : Senin, 4 Desember 2023
Jam : 09.30-11.00 WIB

PETUNJUK UMUM :

1. Tulis Nama dan Nomor peserta pada lembar jawab
2. Periksa dan bacalah soal sebelum anda menjawabnya
3. Jumlah soal sebanyak 24 butir.
4. Kerjakan pada lembar jawab. Apabila ada jawaban yang anda anggap salah dan ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis mendatar pada jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang pada huruf yang anda anggap benar.

**** SELAMAT MENGERJAKAN ****

A. Pilihlah salah siji wangsulane kang bener kanthi menehi tandha pink (X) ing salah siji aksara wangsulane A, B, C, D, utawa E ing dlanjang wangsulane kang sumadya!

1. Irah-irahan pawarta uga diarani
 - A. dateline
 - B. streamline
 - C. lead
 - D. headline
 - E. body
2. Ancase dateline ing pawarta yaiku nuduhake
 - A. irah-irahan
 - B. inti pawarta
 - C. basane pawarta
 - D. aksara utawa gambar
 - E. papan kedadean lan jeneng medhia massa
3. Tandha (/) ing maca pawarta tegese
 - A. mandheg sadhela
 - B. mandheg suwe
 - C. mandheg ing pungkasan
 - D. ora kena mandheg
 - E. pungkasan baris sing ora kena mandheg
4. "Dina Selasa, 13 Oktober 2020 ing SMA Nusantara, Banjarnegara, ana kagiyatan simulasi pembelajaran tatap muka."
Saka pethikan pawarta iku, unsur pawarta sing dituduhake yaiku (Wangsulane luwih saka siji)

- A. who
 - B. where
 - C. why
 - D. when
 - E. how
5. Salah sawijine sipat pawarta kudu aktual. Tegese aktual yaiku
- A. anyar
 - B. mitayani
 - C. manfaat
 - D. wigati
 - E. nyata
6. Ing Perang Baratayuda, Karna bisa ngalahake putrane Werkudara, yaiku
- A. Abimanyu
 - B. Parikesit
 - C. Gathotkaca
 - D. Wirakarna
 - E. Kumbakarna
7. Adipati Karna iku adipati ing ...
- A. Ngastina
 - B. Ngawangga
 - C. Madukara
 - D. Mandura
 - E. Dwarawati
8. Crita *Mahabarata* iku crita wayang sing nyritakake Pandhawa kang nduweni watak becik lan Kurawa kang nduweni watak culika. Salah sawijining paraga Kurawa iku jenenge
- A. Kresna
 - B. Durna
 - C. Dursasana
 - D. Janaka
 - E. Karna
9. "..... ngedegake pepanthan pasinaon Jawa Kuna Sraddha"
Tembung "pepanthan" nduweni teges
- A. sinau
 - B. golongan, grombolan
 - C. sregep
 - D. museum
 - E. kitab
10. Nalika ditemu dening Adirata, Adipati Karna cilik diwenehi jeneng
- A. Werkudara
 - B. Wasusena
 - C. Bimasena
 - D. Karnamandra
 - E. Janaka

11. Rasa susah, seneng, kangen, lan liya-liyane dikandhut dening geguritan diaarani
- A. suasana
 - B. nada
 - C. lagu
 - D. rasa pangrasa
 - E. tema
12. Wose medhar sabda ing geguritan surasane kudu njumbuhake karo (Wangsulan luwih saka siji)
- A. sapa kang medhar sabda
 - B. sepira bayarane
 - C. apa kang kawedhar
 - D. kepiye swasanane
 - E. kepiye tujuwane medhar sabda

Geguritan kanggo pitakonan nomer 13-15

Lintang Wengi

Dening : Wiwiek Panca Widyaningsih

Ludira kadya kandheg, kapireng kekidunganmu endah rinasa
Agawe pangungun sadawane gili
Wasana
Den semu
Geneya.....?

Panjeriting lintang wengi
Dicelathu sajroning kalbu
Smara jati kang kasiput mendhung
..... mirisjebul datan anyandhak

13. Wos surasane geguritan kasebut yaiku
- A. lintang kang njerit
 - B. swasana kang peteng
 - C. lintang kang abyor
 - D. langit kang kebak mendhung
 - E. ora katon srengenge
14. Tegese tembung "ludira" ing geguritan kasebut yaiku ...
- A. kringet
 - B. getih
 - C. sirah
 - D. angin
 - E. geni
15. Rasa pangrasa kang diandharake ing pada kapisan geguritan kasebut yaiku
- A. rasa seneng
 - B. rasa kangen
 - C. rasa kaget
 - D. rasa miris
 - E. rasa tresna

16. Paugeran panulisane aksara Jawa kang bener yaiku (Wangsulan luwih saka siji)
- kanggo miwiti ukara nganggo tandha Adeg-adeg
 - kanggo mateni aksara nganggo tandha pada lingsa
 - aksara angka kaapit dening tandha pada lungsi
 - aksara kang ngandhut a, I, u, e, o nganggo sandhangan wyanjana
 - aksara angka kaapit dening tandha pada pangkat
17. Ing ngisor iki tembung sing nggunakake sandhangan cakra lan suku manawa ditulis nganggo aksara jawa yaiku ...
- kuping
 - sarung
 - krupuk
 - lastri
 - Janu
18. Pasangan aksara jawa cacahé ana
- 10
 - 15
 - 20
 - 22
 - 25
19. Ing ngisor iki katrangan kang trep ngenani aksara murda yaiku (Wangsulan luwih saka siji)
- aksara murda cacahé ana rong puluh
 - aksara murda panulisane nganggo pada pangkat
 - aksara murda cacahé ana wolu yaiku Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Nya, Ga, lan Ba
 - aksara murda dienggo nulis aksara gedhe (kapital) ing aksara jawa
 - aksara murda kasebut uga minangka aksara camboran
20. " Sluman slumun slamet"
- Ukara kasebut kalebu purwakanthi
- Lumaksita
 - Basa
 - Swara
 - Gatra
 - Sastra

B. Gathuknal

- Gathukna jinise pawarta lan tuladhane kang trep!

Jinise Pawarta
A. Pawarta dadakan
B. Pawarta padinan
C. Pawarta crita

Tuladhane
1. Pawarta ngenani kunjungan gubernur
2. Pawarta babagan papan panggonan
3. Pawarta ngenani kedadean banjir

2. Sebutna jenenge wayang ing ngisor iki!



3. Gathukna istilah ing geguritan lan tegese kang trep!

1. Ngowahi ukara-ukara ing geguritan/tembang dadi ukara kang luwih cetha utawa mardika (bebas) yaiku.....
2. Negesi maknane geguritan yaiku.....
3. Nggandheng tembung loro utawa luwih, saperlu kanggo nyuda cacahing wandane yaiku
.....

- Njarwakake

- Nggancarake

- Nggarba

4. Aksara Jawa

1. Aksara Jawa Nglegena

AKSARA JAWA		
ᮊ	ᮃ	ᮄ
ᮊ	ᮃ	ᮄ
ᮊ	ᮃ	ᮄ
ᮊ	ᮃ	ᮄ

2. Angka Jawa

ANGKA		
ᮊ	ᮃ	ᮄ
ᮊ	ᮃ	ᮄ
ᮊ	ᮃ	ᮄ
ᮊ	ᮃ	ᮄ

